


SS.7.C.2.11

Analyze medya yo ak komunikasyon politik yo (patipri, senbòl, pwopagann).

SS.7.C.2.11 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap itilize senaryo pou idantifye patipri, senbòl, ak pwopagann.

Afich ki anba la a te kreye an 1917.



Source: Public Domain / Library of Congress

Afich sa a te kreye an 1917, pandan Premyè Gè Mondyal la. Sa se yon egzanp ke gouvènman an itilize **senbòl** ak **pwopagann** pou enfliyanse sitwayen yo.

Nan afich la yon moun ka wè "Uncle Sam" (Tonton Sam) kap vann "*liberty bonds*" (lyezon libète) (lajan ke gouvènman an te prete nan men sitwayen yo pou finanse ak sipòte militè yo pandan Premyè Gè Mondyal la). Desinatè a te itilize Tonton Sam (de premye lèt yo ki nan "Uncle Sam" (Tonton Sam) se "U" ak "S") ki reprezante (*United States*) peyi Etazini. Lide a te fè lektè yo panse ke se te devwa patriyotik yo pou achte lyezon sa yo pou sipòte gè a. Senbòl (Tonton Sam) lan ak pwopagann ("Envesti Lajan w nan Gè a") sete yon fason efikas ke yo te itilize nan desen sa a pou fè sitwayen yo panse oswa konpòte yo nan yon sèten fason.

Desen politik la anba a te kreye nan 1754.



Chak nan uit pati sa yo nan koulèv la reprezante yon rejyon oswa yon koloni. Egzanp, "N.E." vle di "New England," ki enkli kat koloni yo. "P." vle di Pennsylvania, ki enkli Delaware nan moman an (Georgia pat enkli ladan li). Fraz "Join" (Kontre), oswa "Die" (Mouri) sete mesaj atis la ke inite te enpòtan pou kolon yo siviv. **Patipri** atis la sèke li te nesesè pou koloni yo reyiini ansanm ("joint" "kontre") avèk Grann Bretay kont Fransè yo ak Endyen yo pandan Lagè Fransè ak Endyen an, si yo pat fè sa, yo pa tap siviv ("die" "mouri"). Senbòl "join" (kontre) oswa "die" (mouri) a, pita yo te itilize senbòl sa a pou ankouraje kolon yo pou sipòte endependans yo nan men Grann Bretay pandan Lagè Revolisyonè Ameriken an.

patipri - yon preferans, opinyon oswa atitud ki an favè yon fason youn panse oswa youn santi I pase yon lòt

pwopagann - metòd la nan gaye lide oswa enfòmasyon nan bi pou yo ede oswa blese yon enstitisyon, yon kòz, oswa yon moun

senbòl - itilite yon bagay pou reprezante lide oswa kalite